Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL DETAYE ENTÈVANSYON ETA POU KONDISYON METEYO KI GRAV YO AK LÒT EVÈNMAN NATIRÈL KI TE GENYEN NAN 2024 LA

Prezidan Biden te garanti kat deklarasyon gwo katastwòf

Tanpèt nèj, inondasyon, tònad, chalè ekstrèm, siklòn, difé nan forè, sechrès ak tranblemanntè te jwe yon wòl enpòtan nan aktivite entèvansyon ijans 2024 yo

32 tònad bat rekò anvan an ki te 25 an 1992

Eta a te jwe yon wòl enpòtan nan sipòte aktivite ki antoure plis pase yon milyon vizitè pou eklips solè total la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta Nouyòk te reponn a plizyè ijans ak katastwòf ki gen rapò ak kondisyon meteyo ki grav pandan tout ane ki sot pase a. Sa yo enkli 32 tònad, senk nèj ak efè lak ak evènman meteyo ivènal, uit jou chalè ekstrèm, yon tranblemanntè, inondasyon nan tout eta a ke rès siklòn Beryl ak tanpèt twopikal Debby a te koze, yon lòt evènman inondasyon nan mwa out nan Konte Suffolk, yon sechrès ak difé nan forè nan otòn ki te ravaje pati lès nan Nouyòk pandan plizyè semèn. Eta a te resevwa kat deklarasyon gwo katastwòf nan men Prezidan Biden ki gen rapò ak ensidan kondisyon meteyo sa yo. Anplis de sa, Eta a te jere repons a eklips solè total ki te atire yon kantite vizitè san parèy nan Nouyòk epi ki te bay sipò nan eta Kawolind dii Nò, Kawolin di Sid, Georgia ak Florid apre siklòn Helene ak Milton nan.

"Kit li se difé nan forè, tanpèt nèj oswa tout sa ki ant yo de a, Administrasyon mwen an ap toujou mobilize ansanm kapasite entèvansyon pou ijans nou yo pou asire sekirite Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a fòmasyon konstan, epi pwogrè ki fèt nan ogmante ak akselere resous nou yo, ak angajman dezenterese entèvenan nou yo, nou prè pou afwonte tout sa Manman Lanati rezève pou nou."

Apati 13 janvye, gwo tanpèt nèj ki te dire plizyè jou a te pote plizyè pye nèj ak efè lak nan kèk pati nan Lwès Nouyòk ak North Country. Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a (State's Emergency Operations Center) nan Albany ak mobilize 100 sòlda ak avyatè epi 25 veyikil nan Gad Nasyonal Nouyòk pou bay sipò jeneral nan Lwès Nouyòk.

Soti 22-23 mas, tanpèt ivènal la pote nèj ak glas nan Rejyon Kapital la, ki pwodui akimilasyon glas jiska 2 cm (3/4 pous) atravè Rejyon Kapital la ak total chit nèj 60 cm (2 pye) oswa plis nan konte Washington ak Saratoga.

Nan dat 5 avril, yon tranblemanntè mayitid 4.8 te fèt nan New Jersey, epi ki te gen plis pase de douzèn replik ki te pouse ajans Eta yo fè enspeksyon nan enfrastrikti a pou asire sekirite piblik la. Sa yo enkli Depatman Transpò (Department of Transportation), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority), Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey (Port Authority New York and New Jersey) epi Otorite Pòtyè Nouyòk (New York Power Authority).

Premye vag chalè nan ane a te fèt ant 18 ak 21 jen avèk tanperati maksimal ki te gen sansasyon 43º C (109ºF) ki anrejistre sou sit Mesonet Essex nan Eta Nouyòk. Jou ki te pi cho yo te rive ant 15-17 jiyè avèk tanperati maksimal nan tout eta a nan dat 16 jiyè. An repons a sa, ajans Eta yo tankou Depatman Sante (Department of Health), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi, (Office of Children and Family Services), Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) ak lòt ajans yo, te mennen aktivite pou asire sante ak sekirite Nouyòkè yo**.**

Eta Nouyòk te fè fas ak yon rekò 32 tònad konfime an 2024, ki te frape diferan kote nan eta a soti nan Eden jiska Rome ak Long Island, ki depase rekò anvan an ki te 25 an 1992. An jiyè sèlman, te gen 23 ki te pi gwo kantite tònad konfime nan yon sèl mwa pou Eta Nouyòk la.

Gwo inondasyon te touche plizyè rejyon atravè Eta a akòz tanpèt lokalize yo ak rès siklòn ak tanpèt twopikal yo, ki gen ladan Siklòn Beryl nan dat 10 jiyè, Tanpèt Twopikal Debby nan 9 out ak tanpèt ki te lakòz gwo lapli ak inondasyon toupatou nan Konte Suffolk soti 18-19 out. Chak nan tanpèt sa yo te lakòz yon Deklarasyon Gwo katastwòf, ki enkli de pou Tanpèt Twopikal Debby. Sa a se te rezilta travay plizyè ajans Eta a ki te kolabore ak gouvènman lokal yo pou rekipere yo apre tanpèt yo, tankou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Transpò, Lapolis Eta Nouyòk (New York State Police), Otorite Thruway (Thruway Authority) ak Gad Nasyonal (National Guard).

Eta Nouyòk te konnen kondisyon sechrès nan tout eta a an 2024 akòz yon mank istorik lapli. Pak Santral ak Ayewopò LaGuardia tou de te konnen mwa oktòb ki pi sèk ke yo pa te janm konnen, epi Ayewopò Islip te konnen mwa septanm ak oktòb ki pi sèk nan istwa li yo. Nan 18 novanm, Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk te bay yon alèt sechrès atravè eta a epi yo te deklare yon avètisman sechrès pou 15 nan konte Vale Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island pou premye fwa depi 2016 akòz gwo mank dlo ki genyen ak rivyè dlo anba tè yo ki diminye. Pandan sechrès ane sa a, ajans Eta Nouyòk yo te ede plizyè minisipalite ki te gen mank dlo. Apati 3 janvye 2025, tout konte yo te retounen nan eta sechrès nòmal nan tout Eta a. Enfòmasyon sou kondisyon sechrès yo disponib sou sitwèb DEC.

Nan sezon otòn la, Eta Nouyòk te ede konbat dife nan forè ki te fè raj nan konte Orange ak Ulster epi atravè fontyè Eta New Jersey. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) Eta Nouyòk te kowòdone entèvansyon an epi li te travay avèk 427 sèvis dife atravè eta a ki te voye 1,325 ponpye, prèske yo tout volontè, pou ede etenn dife a. Plis pase 30 Gad Forè DEC, ponpye forè ak lòt pèsonèl sipò ak ponpye ki soti Montana ak Colorado te patisipe tou nan konbat dife yo.

Finalman, nan fen novanm ak kòmansman desanm, rejyon Lwès Nouyòk ak North Country te konnen evènman nèj ak efè lak ke nèj plizyè mèt la te koze.

An repons a evènman meteyo sa yo, Gouvènè Hochul an kolaborasyon avèk patnè federal nou yo te garanti kat deklarasyon gwo katastwòf pou tanpèt grav ak inondasyon, ak nèf deklarasyon Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration) ki bay prè a to enterè ki ba nan kominote ki afekte yo. Nan mwa novanm, Ajans Federal Jesyon pou Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) te bay Gouvènè Hochul Deklarasyon Sibvansyon Asistans pou Jesyon Dife (Fire Management Assistance Grant Declaration) pou bay finansman federal ki ta kouvri kèk depans ki asosye ak efò yo pou konbat dife nan forè yo.

Anplis de evènman meteyo yo, Eta a te planifye ak òkestre evènman milti-ajans ak operasyon sekirite piblik pou eklips solè total la nan dat 8 avril la, ki te gen ladann yon frekantasyon prèske yon milyon vizitè nan prensipal lokal pou obsèvasyon tankou Niagara Falls ak North Country. Gouvènè Hochul te konvoke yon Gwoup Travay Entè-Ajans ki gen ladann prèske de douzèn ajans ak otorite Eta a ki te kolabore pandan 18 mwa pou prepare evènman an, pou asire tout moun kapab jwi eklips la san danje.

Plis pase 200 manm pèsonèl pou jesyon ijans ki soti nan plizyè ajans Eta a te reponn pou ede vwazen nou yo nan Kawolin di Nò, Kawolin di Sid, Georgia ak Florid apre siklòn Helene ak Milton nan mwa oktòb ak novanm. Manm ekip yo ki gen ladan anplwaye Gad Nasyonal, Divizyon Sekirite Tèritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Transpò, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Lapolis Eta Nouyòk, Otorite Thruway, Depatman Agrikilti ak Mache, Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmatik (Information Technology Services), Vil Nouyòk, konte Ulster ak Montgomery.

Entèvansyon Ajans Eta a

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Biwo Jesyon pou Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Eta Nouyòk te demontre kapasite entèvansyon global li yo pandan tout ane 2024 la, pandan l ap kowòdone 16 aktivasyon nan Sant Operasyon pou Ijans Eta a epi jere anpil deplwaman sou teren ak patnè lokal yo. Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team) Eta Nouyòk la te fè sèt deplwaman pandan tout ane 2024 la epi OEM te kowòdone 14 misyon èd mityèl ant eta yo, sa ki montre kapasite Nouyòk pou jere alafwa ijans lokal yo epi sipòte operasyon yo nan plizyè eta.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta Nouyòk la
Anplis de sa, apeprè 5,500 travayè nan sèvis piblik yo anjeneral disponib nan tout eta a pou evalye domaj yo, entèveni, repare ak restore tout Eta Nouyòk, jan sa nesesè, konpayi sèvis piblik nan Nouyòk te bay plis pase 35,000 travayè sou kontra pou ede jere apeprè 2.7 milyon pann elektrisite ki te genyen pandan evènman tanpèt yo nan 2024 la. Anplwaye ajans lan te swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo afekte anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki sibi pi gwo enpak yo.

Depatman Transpò Eta Nouyòk la
DOT te deplwaye ak fòs pou reponn a sitiyasyon ijans yo pandan tout ane 2024 la, ki gen ladan uit gwo tanpèt nèj ak efè lak kote de ladan te kowenside ak match lokal nan Buffalo Bills nan janvye ak novanm; ak yon tanpèt nan prentan ki dire lontan ki gaye nèj la, gwo lapli ak inondasyon atravè divès pati nan Eta a. Depatman an te enspekte epi asire tou sekirite enfrastrikti enpòtan Eta a aprè tranblemanntè ki te frape rejyon an nan mwa avril ak jen; epi li te bay sipò lojistik, sikilasyon ak preparasyon pou ijans nan tout eta a pandan Eklips Solè Total la an avril; efò netwayaj yo apre yon tònad devaste nan lavil Rome; ak reparasyon ijans sou sistèm otowout Eta a nan North Country, Southern Tier, Lwès Nouyòk ak Rejyon Finger Lakes aprè gwo lapli Tanpèt Twopikal Debby ak Siklòn Helene nan te koze. Anplis de sa, Depatman an te ede lòt ajans yo reponn a dife nan forè nan Catskills ak pye bwa ki te tonbe nan Ti Zile nan Lak George yo.

Otorite Thruway Eta Nouyòk
Kelkeswa se gwo nèj ak lapli a yon eklips solè total yon fwa nan lavi, Otorite Thruway te toujou entèvni rapid pandan avèk efikasite pou asire sekirite plizyè santèn milyon chofè ki depann de sistèm Thruway la chak ane. Ekip Thruway yo travay 24 sou 24 pou kenbe Thruway pandan y ap asire sekirite ak fyabilite ke kliyan li yo ap atann nan e yo toujou prè a nenpòt moman pou ranpli misyon sa a. Atravè tout sa, pi gwo priyorite Otorite Thruway se sekirite anplwaye ak kliyan nou yo.

Lapolis Eta Nouyòk
Manm Lapolis Eta yo te bay resous a fòs de lòd, rechèch ak sovtaj nan evènman enpòtan nan tout Nouyòk ak nan sidès Etazini pandan 2024 la. Gwo evènman nèj 13 ak 14 janvye nan Lwès Nouyòk ak 22 ak 23 mas nan rejyon Kapital la, avèk tanpèt otòn ak ivè ak efè lak aktyèl yo. Eklips total 8 avril la te egzije jesyon trafik nan tout eta a ak entèvansyon fòs lòd ak Lapolis Eta a te bay resous pou tou de. Gwo evènman inondasyon jiyè ak out ke tanpèt twopikal la te koze a te egzije resous ki gen ladan ekip espesyalize dlo rapid pou ede rezidan ke inondasyon an te pyeje. Jesyon Ijans Lapolis Eta a ak sovtaj dlo rapid yo te entèvni nan Kawolin din Nò pou ede rezidan ki te afekte nan gwo inondasyon siklòn Helene te koze a. Pèsonèl patwouy ak mwayen Ayeryen yo, ki gen ladan Sistèm Ayeryen San Pilòt te deplwaye pandan tout dire dife nan forè yo nan oktòb ak novanm.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta Nouyòk (New York State Department of Environmental Conservation, DEC) la

Pandan tout ane 2024 la, DEC te reponn a yon pakèt ensidan ijans, epi bay otorizasyon sou anviwonman rapid apre tanpèt yo, epi ansanm ak Depatman Sante Eta a, epi enfòme Nouyòkè yo sou pwoblèm kalite lè a. Inite Jesyon Ijans DEC la ak entèvenan lòt ajans yo te patisipe nan 32 ensidan ki enplike plizyè ajans ki gen ladan tanpèt nèj ak efè lak, eklips solè, tònad nan lavil Rome, presipitasyon san parèy Long Island ak plizyè demann nan Kawolin di Nò pou Siklòn Helene. Nan mwa oktòb ak novanm sèlman, anplwaye DEC te entèvni nan 46 dife nan forè tankou dife nan forè Jennings Creek avèk yon sipèfisi 2,146 ekta nan Konte Orange. DEC te reponn tou a 10,450 apèl sou devèsman petwòl ak lòt matyè danjere atravè Eta a. Pandan evènman meteyo grav ki ka imedyatman menase lavi, sante, pwopriyete oswa resous natirèl, DEC bay otorizasyon ijans pou asire yon ètenvansyon rapid nan kesyon ijans lan. An 2024, DEC te bay 182 Otorizasyon Ijans pou ede kominote yo rebati, sitou ijans ki gen rapò ak tanpèt yo. DEC, an kolaborasyon avèk DOH, pibliye Avi Sante sou Kalite Lè a pandan meteyowològ DEC yo prevwa ke nivo polisyon an, swa ozòn oswa patikil fen (PM2.5), ta dwe depase Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se 100. AQI a te kreye kòm yon fason fasil pou etabli relasyon ant nivo polyan diferan yo nan yon sèl echèl, ak yon pi wo valè AQI ki endike yon pi gwo pwoblèm sante. An 2024, DEC te bay 25 Avètisman Sante sou Kalite Lè - 22 pou ozòn. Yo te bay twa avètisman pou patikil fen akòz lafimen dife nan forè. Eta Nouyòk te pibliye tou Plan Aksyon kont Chalè Ekstrèm nan pou ede planifye epi trete danje yo ak enpak chalè ekstrèm yo sou Nouyòkè yo, patikilyèman sila yo ki nan kominote defavorize yo ki gen plis chans pou yo sibi efè danjere chalè ekstrèm nan sou sante yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta Nouyòk

OPRHP te angaje konplètman pou akeyi vizit san parèy nan sistèm pak Eta a nan mwa avril pou eklips solè total la an sekirite. Prèske yon milyon vizitè te rasanble soti 6-9 avril nan Pak Eta Nouyòk pou asiste eklips la, yon ogmantasyon nan frekantasyon an ki plis pase 45 pousan konpare ak menm jou yo an 2023. Nan dat 8 avril sèlman, Pak Eta Nouyòk yo te akeyi plis pase 326,500 vizitè, yon ogmantasyon ki plis pase 52 pousan konpare ak ane pase – epi 12 pak eta yo rive nan kapasite konplè. Nan mwa novanm, Lapolis Pak, anplwaye jesyon ijans ak ekip eksplwatasyon yo te entèvni nan Konte Orange pou konbat dife nan forè Jennings Creek nan Pak Eta Forè Sterling. Dife a boule ototal 2,146 ekta nan Nouyòk ak New Jersey – ki gen ladan 1,222 nan Nouyòk. Dariel Vasquez, yon anplwaye OPRHP, te blese mòtèlman pandan l t ap sipòte travay la pou kreye yon liy dife. Pandan tout ane a, OPRHP te òganize mete sou plas yon total 65 ekip siyè an rezèv ki prè pou patisipe nan netwayaj 12 evènman tanpèt separe yo.

Depatman Sante Eta Nouyòk

Chanjman nan klima ansanm ak kondisyon meteyo ki grav ak Depatman Sante Eta a gen enkyetid konsènan enpak yo sou sante piblik la, patikilyèman popilasyon vilnerab yo. Pandan peryòd chalè ekstrèm nan, Depatman Sante Eta a te pran sèten mezi pou pwomouvwa sekirite tout Nouyòkè yo e sitou sila yo ki gen plis risk yo. Depatman an te bay konsèy nan tout lopital ak mezon retrèt ansanm ak òganizatè evènman piblik ki gen plis pase 5,000 moun. Depatman an mobilize òganizasyon kominotè yo ak lòt founisè ki finanse pou ogmante aksè nan sant refwadisman ak espas ki an sekirite pandan chalè

ekstrèm nan. Depatman an tcheke tou etablisman swen sante yo pandan ak apre tanpèt nèj, tònad, siklòn ak inondasyon yo pou asire yo gen aksè a anplwaye ak founiti yo. Siklòn Helene te paralize gwo fabrikan ak founisè solisyon intravene pou lopital ak likid dyaliz, nan Kawolin di Nò sa ki afekte founiti medikal sa yo atravè peyi a. Depatman an te travay ak etablisman swen sante atravè Eta a pou kontwole disponiblite solisyon enpòtan sa yo pou sove lavi yo ak prezève lavi yo pou limite enpak mank yo.

Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk
Bay enfòmasyon enpòtan, tankou mezi prevantif, pou ede bese efè chalè ekstrèm sou travayè agrikòl yo ak bèt nan fèm yo, disponib isit la. Depatman an te travay tou an kolaborasyon ak patnè Rezo Edikasyon Katastwòf pou Ekstansyon nan Nouyòk (New York Extension Disaster Education Network, NY EDEN) nan Inivèsite Cornell pou kontwole enpak potansyèl ak tout reyaksyon chalè ekstrèm yo, li òganize yon wèbinè enfòmasyon sou chalè ekstrèm ak entansyon kominote agrikòl la an kolaborasyon avèk Sant pou Medsin ak Sante Agrikòl nan Nouyòk (New York Center for Agricultural Medicine and Health).

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk
Ajans lan ap pran kèk mezi pou asire aktivite nan sant rezidansyèl yo, pwogram detansyon ak pwogram swen kolektif yo fèt an sekirite pandan chalè a. Mezi yo enkli pou verifye ekipman refwadisman, asire bon kantite dlo yo disponib ak konsome, repwograme aktivite ak reyinyon yo ak idantifye anplwaye ak kliyan ki gen yon pi gwo risk paske chalè a afekte yo. Ajans lan te bay konsèy tou a pwogram gadri avèk gwoup ki asosye ak Komisyon pou Avèg yo nan tout eta a.

Biwo Eta Nouyòk pou Granmoun Aje (New York State Office for the Aging, NYSOFA)
NYSOFA ak Ajans Zòn pou Granmoun Aje bay enfòmasyon enpòtan, sèvis sansibilizasyon pou granmoun aje yo anvan tanpèt ivènal la, evènman chalè ekstrèm, oswa lòt sitiyasyon ijans. Nan Kad efò sansibilizasyon li yo, rezo pou granmoun aje a te kreye patenarya ak yon platfòm angajman kominotè, Blooming Health, pou ranfòse koneksyon ak plizyè milye granmoun aje ak moun k ap bay swen yo, ki gen ladan notifikasyon ijans ak enfòmasyon sou resous ki bay nan plizyè lang atravè mesaj tèks, apèl vokal oswa imèl.

###